# Iislaam dafa tàmbali di lu tumurànke, te dana dellu ca na mu tàmbalee woon di lu tumurànke, kon texe ñeel na way-tumurànke yi

Jële nañu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yonnente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: "Iislaam dafa tàmbali di lu tumurànke, te dana dellu ca na mu tàmbalee woon di lu tumurànke, kon texe ñeel na way-tumurànke yi".

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day xibaare ne Iislaam dafa tàmbali nekk lu tumurànke ci ay benn-benni nit ak tuutig waa Iislaam, te dana dellu di lu tumurànke ci néewug ña koy taxawe kem na mu tàmbalee woon, kon boog ag xéewal ak ug, mbégte ñeel na leen.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee